

**1-888-LSNJ-LAW**  
**(1-888-576-5529)**

**Sèvis Jiridik**  
pou  
**Nyoudjèze**

**Liy Dirèk Gratis Pou**  
**Rekou Jiridik**  
**Nan Tout Eta-a**

### **KONTAKTE LIY DIRÈK LA**

- Enfòmasyon gratis, konsèy, ak rekòmasyon pou moun ki pa gen gran mwayen, ki nan pwoblèm ak lalwa sivil.
- Rele gratis nenpòt kote-w ye nan eta-a nan:  
**1-888-LSNJ-LAW**  
**(1-888-576-5529)**
- Gen rekou disponib nan tout lang, ni pou moun ki gen difikilte pou tande byen tou.



### **KONSÈNAN LSNJ**

Sèvis Jiridik Pou Nyoudjèze ya (LSNJ), koòdone rezo pwogram sèvis jiridik pou granmèsi yo kap bay rekou la lwa gratis nan kòz sivil pou rezidan Nyoudjèze yo ki pa ganyen gran mwayen pou pran yon avoka. Si-w gen yon pwoblèm jiridik, e-w kwè ke mwayen-w kapab fè-w kalifye tankou yon kliyan biwo Sèvis Jiridik la, tanpri rele liy dirèk LSNJ-LAW™ ki pou tout eta Nyoudjèze-a nan:

**1-888-LSNJ-LAW**  
**(1-888-576-5529)**

Liy dirèk LSNJ-LAW-a louvri depi 8:00 a.m. jouska 5:30 p.m. depi lendi pou jouk rive vandredi.

Oubyen, fè demann nan an anglè nan entènèt:  
[www.LSNJLawHotline.org](http://www.LSNJLawHotline.org)



### **Legal Services of New Jersey**



**1-888-LSNJ-LAW**  
**(1-888-576-5529)**

**Founisè Konsèy, Rekòmasyon,**  
**Ak Enfòmasyon Atravè Telefòn**  
**Sou Zafè La Lwa Sivil Pou**  
**Rezidan Nyoudjèze**  
**Ki pa Gen Gran Mwayen.**

Finanse an pati pa yon sibvansyon Fondasyon IOLTA Asosiyasyon Avoka Nyoudjèze bay

**www.LSNJLAW.org**

## KISA LSNJ-LAW™ YE?

LSNJ-LAW se yon liy dirèk pou zafè la lwa nan tout eta-a k'ap founi enfòmasyon, konsèy ak rekòmandasyon pou rezidan Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen, eipi ki nan pwoblèm ak lalwa sivil. (Nou rekòmande ka penal yo bay lòt òganizasyon). Se yon sèvis gratis, men fòk ou kalifye finansyèlman. Nou egzamine tout aplikan pou detèmine kalifikasyon finansyè yo avan yo ka resevwa sèvis. Liy dirèk la regle pwoblèm lalwa yo nan telefòn sèlman, li pa founi reprezantasyon jiridik nèt ale, oubyen akonpanye moun pou y'ale nan tribinal. Genyen avoka *Pro bono* (Avoka Gratis) ki disponib pou yon seri de zafè. Gen entèprèt ki disponib pou bay sèvis nan telefòn pou sila yo ki pa pale anglè. Genyen sèvis (TDY) tou ki disponib pou moun ki gen pwoblèm pou yo ka tandè byen. Tout apèl yo rete estrikteman konfidansyèl.



## LÈ FONKSYONMAN YO

An jeneral, nou louvri depi 8:00 nan maten pou jouska 5:30 nan aprè midi, depi lendi pou rive vandredi. Men tou, orè sa-a ka redwi nan kèk jou. Gen mwayen limite pou moun ki rele aprè lè fonksyonman yo ka kite mesaj. Nou va retounen tout apèl yo toutswit lè liy dirèk la relouvri. Nan sitiyasyon limite yo, pou rann orè liy la pi fasil pou moun kap rele yo, li posib pou nou pwograme yon randevou telefonik pou yo aprè 5:30 p.m.

## KIYÈS KI KA JWENN ASISTANS?

LSNJ-LAW ofri sèvis li bay tout moun ki abite nan 21 konte ki nan Nyoudjèze yo. Nou kesyone tout moun ki rele nou yo pou nou kapab evalye si mwayen finans yo fèb dekwa pou yo resevwa sèvis nou yo, nou itilize 200% nivo povrete federal la kòm limit pou nou fè evalyasyon sa, (paegzanp, \$44.700,00 pou yon fanmi ki gen 4 moun ladan-l nan lane 2011 la. Li toujou pibon pou se moun ki gen bezwen an ki rele nou, oubyen nan ka yon ti minè, se paran-l oubyen gadyen li ki dwe rele pou li.

Tout moun ki rele yo jwenn omwens yon rekòmandasyon bay lòt òganizasyon. Rekòmandasyon apopriye kapab fèt bay avoka ki nan lòt biwo Sèvis Jiridik yo, enkli pwojè espesyal yo ki nan Sèvis Jiridik Nyoudjèze ya (LSNJ).

Nou ede kliyan nan zafè sivil tankou:

- Eviksyon, Sezi ipotèk, ak lòt zafè ki gen pou wè ak lòjman.
- Asistans ak sèvis gouvènman-an (GA, TANF, etc.)
- Edikasyon.
- Divòs, titèl, vizit, ak lajan pou sipò pou ti moun.
- Vyolans domestik.
- Dèt, acha ak lòt zafè ki gen pou wè ak konsomatè yo.
- Travay ak chomaj
- Imigrasyon
- Zafè ak DYFS
- Efase yon dosye kriminel
- Zafè tribinal minisipal pou ti reklamasyon
- Chanjman non
- Zafè andikape
- Zafè moun ki aje
- Zafè sante ak lòt bagay ki gen pou wè ak sante
- Benefis pou andikape, Byennèt Sosyal (SSI ak SSD)

## KÒMAN SA MACHE?

Liy dirèk la se yon liy gratis. Gen travayè ki antrene espesyalman kap reponn apèl yo pou kesyone moun ki rele yo sou kalifikasyon finansyè ak sou ka yo-a. Yo kenbe tout enfòmasyon estrikteman konfidansyèl. Si travayè ki ap pran apèl yo detèmine ke mwayen moun ki rele-a depase limit finansyè yo, osinon nou pa founi konsèy jiridik pou kalite ka sa-a, nou eseye rekòmande-l bay lòt òganizasyon. Si zafè-a se yon ka ijan, nou fè yon jan pou yon avoka pran apèl la imedyatman. Nan laplipa lòt sitiyasyon, nou bay moun ki rele-a yon redevou pou nou rele-l pita.

Yon avoka oubyen yon asistan jiridik va evalye kòz la. Epi, le sa nesèsè, yo va founi konsèy nan telefòn. Nan kèk sitiyasyon, pou moun ki kalifye finansyèlman, nou kapab voye dokiman moun itilize pou kont yo (dokiman *pro se*.) Anpil nan dokiman pro se yo genyen enfòmasyon, fòm, ak enstriksyon sou kijan pou-w regle kòz la.

